

Si ou bezwen pran konje nan travay ou pou pran swen yon manm fanmi, ou ka kalifye pou avantaj Konje Familyal Peye yo.

Konje Familyal Peye (Paid Family Leave, PFL) se yon kontra asirans anplwaye finanse ki bay anplwaye ki elijib yo pwoteksyon travay, konje peye pou:

- **KREYE LYEN AFEKTIF** ak yon tibebe ki fenk fèt, yon timoun yo fenk adopte, oswa yon timoun ke leta konfye w pou pran swen li;
- **PRAN SWEN** yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav (gade paidfamilyleave.ny.gov pou manm fanmi ki elijib yo); oswa
- **EDE** moun ki pwòch ou yo lè yon mari oswa madanm, patnè domestik, timoun, oswa paran deplwaye aletranje pou sèvis militè aktif.

Kalifikasyon:

- Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn, ou elijib apre 26 semèn travay konsekitif avèk anplwayè w la.
- Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, ou elijib apre ou te travay pou anplwayè w la pandan 175 jou, epi yo pa bezwen konsekitif.

Sitwayènte Ameriken oswa estati imigrasyon pa yon faktè nan kalifikasyon ou.

Avantaj yo:

W ap ka pran jiska 12 semèn Konje Familyal Peye epi resevwa 67% salè mwayèn pa semèn ou, ak yon limit jiska 67% Salè Mwayèn pa Semèn nan Eta New York (New York State Average Weekly Wage, NYSAWW) la. Anjeneral, salè mwayèn chak semèn ou an se mwayèn uit dènye semèn salè ou anvan kòmansman Konje Familyal Peye a. Ou ka pran konje swa yon sèl kou oswa moso pa moso, men ou dwe pran li pa jou konplè.

Dwa ak Pwoteksyon:

- **Pwoteksyon travay:** Ou gen garanti ke w ap retounen nan menm travay la oswa youn ki konparab ak li apre ou fin pran konje a.
- Ou kontinye benefisye de **asirans sante** ou pandan w nan konje (ou ka oblije kontinye peye pòsyon pa w nan pri prim yo, si genyen).
- Anplwayè w la **pa gen dwa fè diskriminasyon oswa vanjans** kont ou paske ou mande oswa pran Konje Familyal Peye.

Kontestasyon:

Si yo refize demann ou pou Konje Familyal Peye, ou ka mande yon medyatè ki pa fè patipri evalye refi a. Konpayi asirans ki nan lis anba a ap ba w enfòmasyon sou demann abitraj.

Plent pou Diskriminasyon:

Si anplwayè a revoke w, diminye salè ou ak/oswa avantaj ou yo, oswa pran mezi disiplinè kont ou paske ou mande oswa pran Konje Familyal Peye, ou ka mande pou yo reyentegre w si w suiv etap sa yo:

1. Ranpli **Formal Request for Reinstatement Regarding Paid Family Leave** (Demann Fòmèl pou Reyentegrasyon Apre Konje Familyal Peye) (Fòm PFL-DC-119).
2. Voye fòm ou ranpli a bay anplwayè w la ak yon kopi fòm ou ranpli a bay: Paid Family Leave, P.O. Box 9030, Endicott, NY 13761-9030
3. Si anplwayè w la pa reyentegre w oswa pa pran lòt aksyon korektif nan yon delè 30 jou, ou ka depoze yon plent pou diskriminasyon nan Konsèy Konpansasyon Travayè a (Workers' Compensation Board) lè ou itilize **Paid Family Leave Discrimination/Retaliation Complaint** (Plent pou Diskriminasyon/Reprezay Konsènan Konje Familyal Peye) (Fòm PFL-DC-120). Konsèy Konpansasyon Travayè a ap rasanble dosye w la epi l ap pwograme yon odyans.
4. Genyen lòt lwa etatik ak lòt lwa federal ki pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan PaidFamilyLeave.ny.gov.

Pwosesis Demann Konje Familyal Peye:

1. Avize anplwayè w la omwen 30 jou davans, si ou ka prevwa konje a, oswa pi vit posib.
 2. Konplete epi soumèt **Request for Paid Family Leave** (Demann pou Konje Familyal Peye) (Fòm PFL-1) bay anplwayè w la.
 3. Ou dwe soumèt dosye demann ou ranpli a bay konpayi asirans anplwayè w la nan yon delè 30 jou apre ou kòmanse konje w la pou evite pèdi avantaj ou yo.
 4. Nan pifò ka, konpayi asirans la dwe peye oswa refize bay avantaj yo nan yon delè 18 jou kalandriye apre li resevwa demann ou ranpli a oswa nan premye jou konje w la, kèlkeswa sa ki vini apre.
- Ou ka jwenn tout fòm yo nan men anplwayè w la, konpayi asirans yo ki nan lis anba a, oswa sou Entènèt nan PaidFamilyLeave.ny.gov/Forms.

Pou jwenn plis enfòmasyon, fòm ak enstriksyon, vizite PaidFamilyLeave.ny.gov oswa rele Liy Èd PFL (844)-337-6303

Enfòmasyon sa yo se yon prezantasyon senplifye de dwa ou yo, dapre Seksyon 229 Lwa sou Avantaj pou Andikap ak Konje Familyal Peye. Konpayi asirans anplwayè w la ki bay avantaj pou Konje Familyal Peye se:

SE KOMISYON KONSÈY LA KI RÈGLEMANTE L,
WORKERS' COMPENSATION BOARD
NYS Paid Family Leave
PO Box 9030, Endicott NY 13761